5 TEMPLATE GRATIS

Pack Template Gratis

5 template maketing pare pou kopye epi itilize : bio, post vann, script video, imèl byenvini, deskripsyon pwodwi.

Kijan pou itilize pack sa a

Chak template gen de pati : estrikti a (pati nan [kwoche] se sa w ranplase) ak yon egzanp ranpli pou w wè kijan l sanble. Kopye estrikti a, ranpli l ak enfòmasyon pa w, epi pibliye.

> Règ : pa chanje estrikti a premye fwa a. Template yo teste epi yo mache. Apre w fin itilize yo 3–4 fwa, w ap konnen ki pati pou adapte ak vwa ou.

Template 1 — Bio Instagram / Facebook

Bio ki konvèti vizitè an abone

Itilize l pou : pwofil Instagram, Facebook, TikTok

TEMPLATE — kopye epi ranpli :

```
Liy 1: [Ki moun ou ede] → [rezilta]
Liy 2: [Prèv : chif, kliyan, ane]
Liy 3: [Apèl a aksyon] ■
Lyen: [lyen paj ou]
```

Egzanp ranpli :

```
Liy 1: Ede ti biznis jwenn kliyan sou entènèt ■
Liy 2: 200+ kliyan • 5 ane eksperyans
Liy 3: Klike pou konsiltasyon gratis ■
Lyen: taktikmarketingagency.com/kontak
```

Template 2 — Post vann (copywriting)

Estrikti PAS : Pwoblèm → Ajitasyon → Solisyon

Itilize l pou : post Facebook/Instagram/LinkedIn k ap vann

TEMPLATE — kopye epi ranpli :

```
[HOOK — 1 fraz ki kanpe moun nan scroll la]

[PWOBLÈM — dekri doulè kliyan an nan 2-3 fraz, ak mo pa l]

[AJITASYON — ki sa k ap rive si l pa regle l? 1-2 fraz]

[SOLISYON — prezante ofè w kòm repons lan + 3 benefis]

[PRÈV — temwayaj, chif, oswa rezilta]

[APÈL A AKSYON — di egzakteman ki sa pou l fè kounye a + lyen]
```

Egzanp ranpli :

```
Ou pibliye chak jou men okenn kliyan? ■

Ou pase èdtan sou kontni, men telefòn ou pa sone. Pandanstan, konkiran ou yo
ap pran tout kliyan yo.

Nan 30 jou, ou ka gen yon sistèm kontni ki pote kliyan pou kont li — san w pa
bezwen danse sou TikTok.
■ Plan kontni 30 jou pare
■ Template post pou chak jou
■ Estrateji hashtag ak lè piblikasyon

"Mwen te jwenn 11 kliyan nan premye mwa a." — Marie, boutik rad

Voye "PLAN" nan DM kounye a pou w resevwa l ■
```

Template 3 — Script video TikTok / Reels (15–30 segonn)

Estrikti Hook → Valè → CTA

Itilize l pou : video kout TikTok, Reels, Shorts

TEMPLATE — kopye epi ranpli :

```
[0-3s HOOK — di yon bagay ki fè moun rete : chif, sekrè, erè]
[3-20s VALÈ — bay 1 konsèy konkrè, etap pa etap]
[20-30s CTA — di yo swiv ou / kòmante yon mo kle / klike lyen]
Tèks sou ekran : [mo kle hook la]
```

Egzanp ranpli :

```
[0-3s] "3 erè k ap touye vant ou sou Instagram. Nimewo 2 a se pi grav la."
[3-20s] "Premye : bio ou pa di ki moun ou ede. Dezyèm : ou poste pwodwi olye
istwa kliyan. Twazyèm : ou pa gen apèl a aksyon. Ranje 3 sa yo jodi a."
[20-30s] "Swiv mwen pou plis konsèy vann — epi kòmante 'ERÈ' pou w resevwa
checklist gratis la."
Tèks sou ekran : 3 ERÈ = 0 VANT
```

Template 4 — Imèl byenvini

Premye imèl nouvo abone a resevwa

Itilize l pou : sekans byenvini lis imèl ou

TEMPLATE — kopye epi ranpli :

```
Sijè : [Byenveni + benefis imedya]

Bonjou [Non],

[Mèsi + sa yo pral resevwa nan imèl ou yo — 2 fraz]

[Bay yon viktwa rapid : 1 konsèy yo ka aplike nan 5 minit]

[Prezante w rapid : ki moun ou ye, poukisa yo ta koute w — 2 fraz]

[Apèl a aksyon : reponn imèl sa a ak [yon kesyon senp]]

[Non ou]
```

Egzanp ranpli :

```
Sijè : Byenveni! Men kado w la ■

Bonjou Marie,

Mèsi pou enskripsyon w! Chak madi w ap resevwa yon konsèy maketing ou ka
aplike menm jou a.

Viktwa rapid : louvri bio Instagram ou epi chanje liy 1 an pou l di ki moun
ou ede (pa sa w vann). Sa sèlman ka double mesaj ou resevwa yo.

Mwen se Garry — mwen ede ti biznis ayisyen jwenn kliyan sou entènèt depi 5
ane.

Reponn imèl sa a : ki pi gwo defi maketing ou kounye a? Mwen li tout repons
yo.

Garry
```

Template 5 — Deskripsyon pwodwi (e-commerce)

Deskripsyon ki vann olye ki dekri

Itilize l pou : paj pwodwi Shopify, boutik sou entènèt

TEMPLATE — kopye epi ranpli :

```
[TIT — benefis prensipal, pa non teknik]

[2-3 fraz : ki pwoblèm li rezoud + pou ki moun]

■ [Benefis 1]
■ [Benefis 2]
■ [Benefis 3]

[Detay : dimansyon, materyèl, livrezon]

[Garanti / retou — retire risk la]

[APÈL A AKSYON + ijans lejè : stok limite, òf]
```

Egzanp ranpli :

```
Dòmi tankou yon wa, leve san doulè ■

Zòrye memwa sa a kenbe kou w nan bon pozisyon tout nwit lan. Pou moun ki leve
ak doulè nan kou chak maten.

■ Kimbe aliyman kou a tout nwit
■ Kouvèti fre, ka lave nan machin
■ Adapte tout pozisyon dòmi

Dimansyon : 60×40 cm. Livrezon 3-5 jou ouvrab.

Garanti 30 jou : ou pa renmen l, nou rembouse w.

Ajoute nan panye kounye a — stok limite! ■
```

Pwochen etap

Ou gen 5 zam kounye a. Itilize youn pa jou pandan 5 jou — epi gade diferans lan nan mesaj, angajman, ak vant ou.

> Si w vle nou ekri tout kontni maketing ou (post, imèl, script video) : taktikmarketingagency.com — nou fè l pou ou.

© 2026 Taktik Marketing Agency LLC — Pack gratis pou itilizasyon pèsonèl.